

<input type="radio"/> Senin	<input type="radio"/> Selasa	<input type="radio"/> Rabu	<input checked="" type="radio"/> Kamis	<input type="radio"/> Jumat	<input type="radio"/> Sabtu	<input type="radio"/> Minggu									
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16
17	18	19	20	21	22	23	24	25	26	27	28	29	30	31	
<input type="radio"/> Jan	<input type="radio"/> Feb	<input type="radio"/> Mar	<input type="radio"/> Apr	<input type="radio"/> Mei	<input type="radio"/> Jun	<input checked="" type="radio"/> Jul	<input type="radio"/> Ags	<input type="radio"/> Sep	<input type="radio"/> Okt	<input type="radio"/> Nov	<input type="radio"/> Des				

## Prof. DR. Doddy Achdiat Tisna Amidjaya; Ageung Kamelang kana Budaya Sunda Ngajurung Prof. Edi Ekadjati jeung Sundanologi

Profesor terahing menak Sukapura anu luhur budi tur santun teh, ngawalan karirna di dunya pendidikan ti ngawitan jadi Guru Ilmu Hayat di SMA, Asisten Dosen mata kuliah zoologi di Fakultas Ilmu

Pasti dan Alam Universitas Indonesia di Bandung. Prof. Doddy Tisna Amidjaya dikenal sacara regional, nasional jeung internasional.

Tug tepi ka iraha bae, Prof. DR. Doddy Achdiat Tisna Amidjaya bakal terus napel pageuh dina panineungan, anjeunna teh tokoh pendidik, elmuwan, intelektual Muslim, Pejuang jeung Diplomatik.



# Sungkeman

**K**itu di antarana potret panineungan Prof. Dr. M. Ansjar ka Prof. Doddy anu didugikeun dina waktu mileuleuyankeun layon Pa Doddy ti ITB ka pakuburan Muslim di Bandung tanggal 10 Mei 1993.

Poe eta langit Bandung angkeub, kota kembang ngungun dikantun ku putra pinunjulna anu rada langka digelarkeun ku sajarah.

Geus disebutkeun tiheula yen antara ITB jeung Prof. DR. Doddy Tisna Amidjaya hamo bisa dipisahkeun, cintana ka ITB ngaleuwihan sagalana, di mana bae anjeunna aya, ka mana bae angkat, iraha bae, anu kapiati ngan ITB. Kumaha ayeuna ITB? Aya naon di ITB? Patarosan Sang Profesor ka saha bae anu patepang, pangpangna lamun pareng anjeunna di luar negri, saperti di Perancis sapanjang janten Duta Besar RI Berkuasa Penuh di nagara Napoleon Bonaparte ieu.

Nu kaemutna ngan ITB, saur Ibu Dien Doddy Tisna Amidjaya basa guntreng ngawangkong di perpustakaan Mutu Manikam kamari ieu.

Masih saur Prof. Dr. M. Ansjar, Pa Doddy teur

mitra anu pada mikaresep, guru jeung guru ti guru para mahasiswa anu tansah dihormat jeung dimulyakeun pisan, pamingpin anu wijaksana jeung pada mikaajrih, bapa anu pada mikanyaah Pa Doddy rereongan areng kanca mitrana di ITB salawasna sasarengan memeres anu kusut jeung gaherangkeun deui nu kiruh. Upama ITB tinemu jeung kasulitan, Pa Doddy salawasna mepelingan, boh ka mitra pendidik boh ka para mahasiswa supaya salawasna nyekel pageuh kana kajujuran jeung ngalengkah dina jalan anu lempeng bener.

Doddy Achdiat Tisna Amidjaya anu mashur rambut bodasna nu ngeplak teh putra Raden Benyamin Tisna Amidjaya sareng Ibu Raden Dewi Saprah Djayanagara. Dibabarkeun di Garut 15 Maret 1925.

Berkah jasa-jasa katut pangabaktina, hususna di dunya pendidikan Tinggi, Prof. DR. Doddy Achdiat Tisna Amidjaya dileler Bintang Maha Putra Utama ku Presiden.

Pangajen-pangajen anu sejenna, Prof. Doddy taun 1971 dileler Satya Lencana Wira Karya ku Presiden, taun 1972 dileler layang pangajen Dasa



*Prof. Dr. Doddy Achdiat Tisna Amidjaya pada ngawilujengkeun waktos dileler "Bintang Mahaputra" ku Presiden taun 1985.  
(Potret dokumentasi kulawarga)*

# Sungkeman

Dharma ti Kepala Staf TNI Angkatan Laut. Terus taun 1975 Commandeur the Leopolds Orde ti Karajaan Belgia. Taun 1976 Officer Dans L'Ordre Des Palmes Academiques ti Pamarentah Perancis. Taun 1983 Satya Lencana Karya Satya Kelas I ti Pamarentah RI, Taun 1985 Commandeur in de Order van Oranye Nassau ti Karajaan Walanda, taun 1985 dileler Bintang Maha Putra Utama ti pamarentah RI, jeung gelar Kehormatan "Veteran Pejuang Kemerdekaan RI", NPPV; 8.019.961.go.A. Taun 1992 Layang Pangajen ti ASEAN Science & Technology Meritorious Science Award. Taun 1993 Layang pangajen ti Mentri Luar Negri RI dumasar kana jasa sapanjang mancen tugas Duta Besar Berkuasa Penuh RI keur Perancis. Taun 1994 Layang pangajen ti ITI dumasar kana jasa-jasanya sapanjang ngabaktikeun diri di ITB, taun 1998 Layang pangajen pikun panghormatan kana jasa-jasa sarta pangabaktina anu tanpa codeka dugi ka purna bakti tina jadi Guru Besar ITB, taun 1998 keneh Layang pangajen ti STSI berkah jasa-jasanya jeung rempug gawe dina proses dibentukna ASTI Bandung jadi STSI. Taun eta keneh nampi Layang pangajen Lencana Dharma Bakti ti Ketua Kwartir Gerakan Pramuka. Kamari ieu ping 4 Jui 2009 dina raraga HUT ITB anu ka 89, Prof. Dr. Doddy Tisna Amidjaya dileler Layang Pangajen Ganesa Cendekia Widya Adiutama ti ITB, ditampi ku Ibu Dien Doddy Tisna Amijaya. Dinten eta keneh ITB ngaresmikeun Gedong Doddy Achdiat Tisna Amidjaya, eta teh gedong Rektorat tempat Rektor ITB sadidinten didamel, tempat nampi tamu jeung kagiatan Rektor anu sejenna. Eta teh anu lawas kaimpen-impen ku Ibu Dien, naha gerendengna teh, ari di Unpad aya gedong Sanusi Hardjadinata jeung di nu sejen-sejenna aya gedong anu dibere ngaran nyutat tina jenengan para inohongna anu kungsi babakti di almamaterna, naha ari di ITB teu aya? Ku kituna Ibu Dien sakulawarga kacida ngaraos bagjana jenengan Pa Doddy dikotretkeun dina ngaran gedong Rektor.

## Nurutkeun Ajip Rosidi

Sajeroning kitu, Sastrawan/Budayawan kahot Ajip Rosidi dina Panineunganana anu dikotretkeun dina Buku "Mengenang Prof. Dr. Achdiat Doddy Tisna Amidjaya" nganggo Basa Sunda nyebalkeun: Kang Doddy salawasna amis budi tur henteu weleh imut, tapi dina ngabela kayakinan mah tara unggut kalinduan, tagen pageuh tara gedag kaanginan. Nepi ka kuring boga kayakinan nya Kang Doddy atawa anu sipatna jiga Kang Doddy jalma anu baris bisa memeres Jawa Barat anu geus meuweuh ku kapalsuan jeung kasarakan. Tapi sabada maren



Prof. Doddy nuju anom, rambutna ge hideung n.les keneh.  
(Potret dokumentasi kulawarga)

tina Rektor ITB, Kang Doddy ngalih ka Jakarta dijenengkeun jadi Dirjen Pendidikan Tinggi. Tuluy jadi Ketua LIPI. Sarengsena masa jabatan di LIPI diangkat jadi Duta Besar di Paris. Di mana bae keur jeneng naon bae, Kang Doddy angger darehdeh, amis budi, tur teu weleh imut. Disarengan ku geureuha anu pada-pada someah anjeunna mere-nah pisan jadi wakil bangsa urang anu cenah pang-someahna di dunya. Panjang lebar Kang Ajip Rosidi mulangkeun panineungan ka jaman Prof. Doddy jadi Dirjen Pendidikan Tinggi. Kumaha pangalaman Kang Ajip basa anjeunna disambat jadi Dosen di salahsahiji perguruan Tinggi di Jepang, nu ahina kudu ngadeuheus ka Dirjen Pendidikan Tinggi, nyuhunkeun surat katerangan. Nurutkeun pamendak Kang Ajip mah teu kudu da lain PNS teu kudu menta idin ka sasaha. Tapi ahina Kang Ajip nepangan Dirjen Pendidikan Tinggi, nyaeta Pa Doddy.

Kumaha Numutkeun Pa Doddy?

"Leres, Yi Ajip", sauma. "Akan mah henteu gaduh wewenang ngangkat Dosen Universitas di Jepang. Kitu deui henteu perयोगi katerangan ti

Akang tea. Nanging kangge nyumponan kapalay Pa S., nya urang damel bae katerangan teh". Harita keneh anjeunna ngadamel nyalira konsep serat katerangan tea, teras nyaur Sekertaris sina diketik. Panjang kebar Kang Ajip medar panineungan husus sareng Pa Doddy jaman anjeunna janten Dirjen Pendidikan Tinggi. Kang Ajip ngonsepanineunganana di Mino, dikintunkeunana oge ti Mino ka rengangan editor di ITB.

## Pa Doddy & Edi

Nu ngaredalkeun panineungan ka Sang Profesor teh kacida seueurna, Bukuna diterbitkeun ku Yayasan Prof. Dr. Doddy A. Tisna Amidjaya gawe bareng jeung Penerbit ITB Bandung. Lian ti Kang Ajip Rosidi, Prof. Dr. Edi S. Ekadjati anu sami-sami tos almarhum oge ngotretkeun panineunganana.

Harita Pa Doddy nuju jadi Rektor keneh, Edi diajakan nganjang ku salahsaurang sobatna, ka bumi Prof. Doddy di jalan Mutu Manikam (nu ayeuna dipake perpustakaan tea). Harita awal taun 1970. Teu lami nganjagna oge, ngan jejer wangkongan harita ngeunaan masalah urang Sunda jeung budaya Sunda. Ari kana jenenganana mah geus kacida apalna tina carita anu dicaritakeun deui jeung tina mass media, saur Kang Edi anu sami ngageroh Perpustakaan jaman nyepeng Musieum AA di Gedong Merdeka anu ahirna buku-bukuna aya anu dipasrahkeun ka Perpustakaan Prof. Doddy Tisna Amidjaya. Buku-buku koleksi almarhum nu sejenna

ku kulawargana dipasrahkeun ka Perpustakaan Prof. Edi S. Ekadjati di Kuningan, ditampi ku Bupati Haji Aang Suganda dina upacara mieling HUT Kabupaten Kuningan taun 2008.

Saur Prof. Edi Ekadjati; "Kulantaran rumasa urang desa ti lingkungan rayat biasa, kacida isin jeung ajrihna ku Pa Doddy teh, sagigireun kacida hormat campur bungah poe eta dikadarkeun ditepangkeun sareng anjeunna, tokoh intelektual, terhormat turta mashur. Teu loba ngomong ieu, tapi leuwih ni'mat ngupingkeun Prof. Doddy nyarios, Kang Edi Ekadjati jujur ngungkabkeun kabingahna waktu tepang munggaran jeung Sang Profesor.

Kadua kalina patepang jeung Pa Doddy teh di Kampus Fakultas Sastra Universitas Indonesia Rawamangun Jakarta basa nyaksian promosi Doktor salahsaurang mitra ngeunaan Sajarah Sukapura "Tinjauan Filologis", bulan Desember 1979 harita teh, saur Prof. Edi Ekadjati. Harita Pa Doddy tos jadi Direktur Jendral Pendidikan Tinggi. Aya anu nyarita, cenah pangna Prof. Doddy sumping teh kataji ku Sang Promovendus anu ngungkabkeun Sajarah Sukapura, ari Prof. Doddy kapan terahing menak Sukapura campur Galuh, ti garis Djayanagara.

Patepang katilu kalina ahir taun 1983 waktu digelar Simposium Kabudayaan Sunda di Jakarta. Eddy harita dipinangsaraya ku Rektor Unpad Prof. Hindersyah Wiratmadja kudu nyusun konsep makalah ngeunaan peta organisasi nu ngurus Kabudayaan Sunda. Pa Doddy nu kagungan gagasan jeung nu jadi panaratasna teh.

Tepang kaopat kalina di Kampus Unpad jalan Dipati Ukur Bandung waktu dipinangsaraya ku Rektor Unpad Hindersyah Wiratmadja supaya hadir dina gempungan Sareng Rektor Unpad katut Prof. Harsya Bachtiar, ahir taun 1983 keneh. Tetela jejer sawala teh ngeunaan rencana ngadegkeun Sundanologi, proyek anu kapapancenan ngalukkeun panalitian jeung pengkajian kabudayaan Sunda.

Ti saprak dipercaya mingpin Sundanologi nurutkeun Edi S. Ekadjati saterusna, jadi sering komunikasi sareng Pa Doddy, karaos pisan jumurungna teh, ageung kamelang kana kamekaran kabudayaan Sunda. Seseringna mah komunikasi teh teu langsung, Edi ngarasa kacida diperhatikeunana ku Prof. Doddy, ngajurung



Ibu Dien sareng Prof. Doddy Tisna Amidjaya sabada nampi Bintang Mahaputra.  
(Potret dokumentasi kulawarga)

# Sungkeman

laku kana ketak langkah jeung kagiatan-kagiatan Sundanologi, tetela titen pisan Pa Doddy mah nali-ngakeunana. Sundanologi anu mangrupa lembaga ieu, dibantu gembler ku rayat Jawa Barat, pang-pangna ku Yayasan Pembangunan Jawa Barat di Jakarta, kaleresan Pa Doddy salahsawios pangurus Yayasan.

Waktu Sundanologi polemik jeung Caraka Sundanologi nu ngayakeun rupa-rupa kagiatan Sunda, di antarana kursus-kursus ngarang, basa, teatre jeung sajabana, tetela Pa Doddy ageung perhatian turta nuturkeun kajadian polemikna, mairanana teu langsung tapi liwat mitra-mitra.

Komunikasi panungtung sareng pa Doddy teh sabada anjeunna jadi Duta Besar di Perancis. Harita keur raramena polemik di mass media ngeunaan Naskah Wangsakerta nu disusun ku Pangeran terah Cirebon. Geunjeung genjlong Tatar Sunda, antara anu pro jeung kontra. Pa Doddy oge mintonkeun kamelangna.

Sakitu di antarana pangalaman Eddi S. Ekdjati almarhum sareng Prof. Doddy Achdiat Tisna Amidjaya almarhum anu pantes kauninga.

## Leuwih Abot kana Ilmu Biologi

Taun 1946 Doddy Tisna Amidjaya kantos lebet Peguruan Tinggi di Malang Jawa Timur, nyandak Fakultas Kedokteran. Tapi ahirna Kedokteran dikantunkun sabab leuwih kasengsem ku widang Sains, jeung kacida nyongsrongna palay neuleuman ilmu Biologi katut Ilmu Pasti jeung Alam. Nya lebet ka Universitas Indonesia di Bandung, Kandidat-Biologi (1953). Taun 1954 Sarjana, Wilhelm Universitas Bonn (Diploma Biologi) Taun 1956 Doktor, Wilhelm University Bonn Zoologi (Doctor Rerum Naturarum).

Nete karir dina widang pendidikan Tinggi diawalan ti jadi Dosen sareng Guru Besar ITB, teras di Bandung dina widang Physiologi pertumbuhan (Developmental Psychology), teras jadi Dekan Departemen Kimia Biologi ITB, Pembantu Rektor ITB

Saterasna Wakil Direktur Pusat Reaktor Atom di Bandung. Ti dinya dipercaya jadi Asisten Direktur SEAMEO Regional Centre for Tropical Biology. Taun 1979-1980 Rektor ITB, Dirjen

Pendidikan Tinggi, kantos dipercanten deui jadi Pjs. Rektor ITB. 1982-1983 Pjs. Rektor Universitas Negeri 11 Maret Surakarta. Taun 1984-1989 Ketua Lembaga Ilmu Pengetahuan Indonesia (LIPI), taun 1989-1998 Duta Besar RI Luar Biasa dan Berkuasa Penuh untuk Perancis.

Ti jaman nonoman keneh Doddy Achdiat Tisna Amidjaya geus dipaparin resep aktip di organisasi. Taun 1937-1938 di Varkenner, Islamitiche Padvinder Organisatie Bandung. Di MULC Pasundan



Maparin amanat dina dintenan tepang warsi disarengan ku Ibu Dien. (Potret dokumentasi kulawarga)



Jaman jadi Ketua LIPI di Wamena. Taun 1988. (Potret dokumentasi kulawarga)



Pa Doddy sareng Ibu Dien di tengah-tengah para diplomat Indonesia di Perancis. (Potret dokumentasi kulawarga)

Vereneging Tasikmalaya jadi Wakil Ketua. Jaman kepanduan, kaselir jadi pingpinan Pandu Muda, Pandu Rakyat Indonesia. Taun 1946 Polisi Tentara Resimen XII Tasikmalaya, jadi anggota Tentara Pelajar oge di Tasikmalaya. Kantos tugas di Staf Divisi I BE 17/Det 1V Bandung, Awal taun limapuluh kaselir jadi Ketua Himpunan Mahasiswa Biologi Nympha Bandung, terus Sekertaris Panitia Pelajar Indonesia Bonn Jerman. Pertengahan taun genepuluh jadi Ketua Perhimpunan Biologi Indonesia. Kana pulitik kumaha? Kiprahna dugi ka mana mah teu loba anu terang lantaran Sang Profesor kabandungan leuwih anteng di ITB tea, ngan kantos jadi anggota Badan Pembina Golkar Jawa Barat najan teu lami, ngan opat taun ti taun 1972 dugi ka 1976. Ti 1976 dugi ka 1984 anggota MPR wakil daerah Jabar. Terus jadi Ketua The Governing Board of the Regional Institute of Higher Education and Development (RIHED), Ketua Untuk organisasi-organisasi non pemerintah, Internasional Dewan Executive (UNESCO), taun 1985 kaselir jadi Ketua Tim Pembina Program Antariksawan Indonesia. Taun 1986 Ketua Komisi Sains dan Teknologi ASEAN.

Kunjungan ka luar negri seseringna urusan gawe bareng Indonesia jeung pihak luar negri, Tugas Belajar, Konperensi-konperensi tugas UNESCO atawa nohonan uleman rupa-rupa kagiatan internasional, oge ngalanglang perguruan-perguruan tinggi di mancanagara. Di Indonesia oge kagiatan-kagiatan

Konperensi, Seminar, Simposium, Lokakarya, Kongres jeung sajabana.

Taun 1959 sabada tilu taun ngagondo! titel Doctor Rerum Naturarum ti Wilhelm University Bonn Zoologi, nonoman terah Sukapura-Galuh teh ikrar payuneun Mama Panghulu geusan ngawangun rumah tangga sareng R. Dien Sardinah, nu saterusna jadi Dien Sardinah Tisna Amidjaya anu ayeuna kawaris ngokolakeun Perpustakaan Prof. Doddy Tisna Amidjaya sareng Dra. Tini Kartini atawa Ceu Tini, saderek Ibu Dien sareng Pa Doddy. Ti Ibu Dien, Prof. Doddy kagungan putra tilu, Hany Ratna Suminar, Mustafa Kamal sareng Moh. Yamin.

Sagedeungeun ngawariskeun putra putu anu saroleh sareng Pabukon, Prof. Doddy Tisna Amidjaya ngabaktikeun 38 buku ilmu pangaweruh pikeun bekel nu ngarora dina enggoning ngarudag cita-cita luhurna saperti Prof. Doddy.

Ka sadaya putu oge kanyaahna sami, teu aya anu diwalkeun. Tapi Prof. Doddy nuju janten Dubes di Perancis kantos nyerat ka salahsawios putuna, ADE. Nganggo Basa Perancis. Lamun disundakeun mah kurang leuwih kieu:

**Paris 22 Pebruari 1990.**

Ade incu kadeudeuh Aki.

Dina dinten tepung taun hidep anu ka 12, aki sareng Nini miharep muga-muga;

- Jalan anu disorang dina kahirepan henteu ngalaman seueur tantangan, pinuh ku kembang nu salawasna dihibaran sinar panonpoer, tapi ka ngahontal cita-cita.

- Pikeun Ade, peuting moal poek, sabab bulan jeung bentang bakal imut sapapanjangna.

- hidep moal ngarasa tiris sabab kahaneutan ku cinta Ibu, jeung lanceuk-lanceuk hidep anu salawasna ngariung-riung.

- Soca hidep salawasna bakal neutep kaendahan.

- Cepil hidep salawasna bakal ngupingkeun sora-sora anu halimpu.

- Pangambung hidep salawasna bakal ngangseu seuseungitan.

- Baham hidep salawasna bakal ngucapkeun kajujuran jeung hal-hal anu ngagumbirakeun.

- Hate hidep bakal muka keur sagala kahadean, tanpa hidep poho kana pitulung Allah!

Aki sareng Nini.

\*\*\*\* (HRS)